

Metòd pou Chaje

Enkriminasyon/Enfòmasyon

Enkriminasyon an se konklizyon Gran Jiri a ki di pwobab pou gen yon krim ki te fèt epi akizasyon yo ka kontinye kont akize a devan Tribinal Siperyè. Gran Jiri a se yon gwoup sitwayen Delaware yo chwazi owaza ki ap etidye prèv yo pou wè si ta dwe gen yon enkriminasyon. Anjeneral, se sèlman ofisye lapolis la ki temwaye. Ni akize a, ni avoka yo pa prezan. Si Gran Jiri a pa pwononse l sou yon kondanasyon, li posib pou dosye a p ap kontinye pi lwen. Si yo enkrimine akize a, y ap enfòm w sou lòt pwosedi jidisyè apre yo. *Odyans Gran Jiri a pa piblik.* **Enfòmasyon:** Si akize a konteste miz-an-akizasyon an, pwokirè a kapab kondane l gras ak itilizasyon yon dokiman ki rele denonsyasyon. Li pa ra pou akizasyon depoze atravè denonsyasyon, espesyalman nan Konte Kent ak Sussex yo.

Etid pou Liberasyon sou Kosyon

Objektif etid sa a se pou detèmine si kosyon an ka redwi yon fason pou akize a ka libere de detansyon prevantif la. Odyans sa a ka fèt nenpòt lè epi li louvri pou piblik la. Etid kosyon an ka fèt nan Tribinal Majistra, Tribinal Minisipal oswa Tribinal Pledwari Komen si akize a pa te kondane oswa yo pat depoze yon denonsiyasyon kont li. Si akize a te kondane oswa yo te depoze yon denonsyasyon kont li, li ap fèt nan Tribinal Siperyè.

Miz-an-Akizasyon

Miz-an-Akizasyon an fèt nan Tribinal Siperyè. Objektif la se pou fè lekti akizasyon yo bay akize a. Nan moman sa a, akize a ap plede koupab oswa pa koupab. Akize a ka renonse a odyans sa a. Sa vle di akize a chwazi pa gen odyans sa a epi li prale nan jijman san li. *Odyans sa a louvri pou piblik la.*

Etid Dosye

Etid dosye a se yon reyinyon enfòmèl pwokirè a ak avoka defans lan pou diskite sou opsyon akò pou pledwari epi detèminen preparasyon pou jijman. Si yo siyen yon akò pou pledwaye, yo mennen akize a nan sal tribinal la pou jij la pran pledwari ofisyèl la. Etid dosye a pa louvri pou piblik la, sepandan, piske akize a ka depoze yon pledwaye nan tribinal la, ou ta dwe pale ak pwokirè a pou konnen si wi ou non pou w ale.

Jijman

Jijman feloni yo fèt nan Tribinal Siperyè. Objektif la se pou detèmine si akize a koupab oswa si li pa koupab. Jijman an pwograme anjeneral 70 jou apre akizasyon oswa denonsiyasyon, si yo pa akòde okenn ranvwa. Sepandan, akòz volim dosye aktyèl tribinal la, anpil dosye pran plis pase yon lane pou yo vini nan jijman. Ou dwe temwaye si yo rele w kòm yon temwen. Wè ansanm avèk pwokirè a anvan dat jijman an. Pifò jijman kriminel yo se devan yon jiri. Sepandan, gen kèk yo jije ak sèlman yon jij ki ap prezide. Jiri a nan yon jijman penal kapab: jwenn akize a koupab, koupab de yon ti akizasyon, oswa pa koupab. Yo ka deklare jijman an anile si jiri a pa rive pran yon desizyon inanim. Pandan jijman an, jij la ka rejte akizasyon yo oswa deklare yon jijman nil pou plizyè rezon. Anjeneral, sa a gen pou wè ak pwoblèm nan prèv yo oswa règ pwosedi tribinal la. Pwokirè a ap eksplike w sa ki te pase si yon ranvwa/pwosè envalid te fèt. *Jijman Tribinal Siperyè yo louvri pou piblik la.*